



Faks: 888-781-5678 Imèl: patientforms@schoolsmiles.com Gratis: 1-855-497-6453

OU DWE RANPLI YON NOUVO FÒM CHAK ANE LEKÒL SI OU VLE PITIT OU A PATISIPE.

ENSKRI JODIA POU WÈ DANTIS LA NAN LEKÒL LA!!

Ranpli epi retounen li lekòl la oswa enskri sou entènèt: www.schoolsmiles.com/student-signup

ETAP 1	ENFÒMASYON JENERAL SOU TIMOUN NAN	
	Non Legal Timoun nan: _____ Dat Nesans: ____/____/____ (antoure) Gason Fi	
	Adrès: _____ Vil: _____ Eta: _____ Kòd Postal: _____	
	Lekòl: _____ Konte: _____	
	Klas: _____ Jou Prezans: _____ Nimewo Sal klas: _____	
	Paran/Responsab Legal: _____ Telefòn: (____) _____	
	Imèl: _____ Mwen dakò pou mwen resevwa mesaj swen sante nan men School Smiles.	

ETAP 2	ENFÒMASYON KONSÈNAN PÈMAN: (tanpri koche) ☐ MEDICAID ☐ ASIRANS PRIVE ☐ MOUN KI PA GEN ASIRANS ☐	
	1. Enfòmasyon sou Medicaid: Nimewo ID 10 oswa 12 chif	
	Plan Jesyon Swen: _____	
	2. Asirans Prive: Non Konpayi Asirans Dantè a: _____ Telefòn asirans la: _____ Non Abònè a: _____ Dat Nesans Abònè a: ____/____/____ ID Abònè a: _____ Nimewo Sekirite Sosyal Abònè a: ____-____-____-____-____-____-____-____-____-____	
	3. Opsyon Dantè pou Moun ki pa gen Asirans: ☐ Opsyon Oto-pèman: Si w ta renmen yo egzamine pitit ou imedyatman, ou gen opsyon pou w peye frè redwi \$49 ki kouvri netwayaj, radyografi, fliyò ak egzamen an. Ou dwe peye \$49 a anvan vizit timoun nan pa chèk oswa pandan w ap rele (1.855.497.6453) pou fè pèman nan telefòn. ☐ Opsyon aplikasyon pou sibvansyon: Sèvis dantè ki disponib sou baz premye vini, premye sèvi. **Sèlman disponib pou moun ki pa gen asirans dantè. Yo ka mande lòt dokiman pou konfime kalifikasyon finansyè**	

ETAP 3	KESYON ENPÒTAN SOU SANTE:
	1. Èske pitit ou a gen youn nan pwoblèm sante sa yo tankou: pwoblèm kè, kriz, alèji, elatriye? Si wi, tanpri endike yo anba a. Si NON, kite espas la vid: _____

ETAP 4	SIYATI OBLIGATWA
	Mwen menm, Paran/Responsab Legal _____ konprann epi otorize dantis School Smiles yo pou yo bay pitit mwen an sèvis sa yo nan lekòl la ki gen ladan yo: egzamen, radyografi, netwayaj, fliyò, fliyò dyamin ajan, ak selon dantè si sa nesèsè pou egzamen chak 6 mwa yo. Mwen otorize tou pou pitit mwen an resevwa, nan menm jou egzamen an, oswa selon yon orè ki etabli selon bezwen yo, tout trètman dantè adisyonèl sou fòm plonbij restorasyon, ak pilpotomi si sa nesèsè, ak anestezi lokal pou angoudi zòn nan. Mwen konprann pandan trètman an li ka nesèsè pou chanje oswa ajoute pwosedi nan menm jou a akòz kondisyon yo dekouvri yo pa te dekouvri pandan premye egzamen an tankou: pi gwo plonbij, kouwòn asye inoksidab, pilpotomi (trètman kanal rasin nan dan ti bebe), antretyen espas ak ekstraksyon (rache dan).
	DEKLARASYON FINANSYÈ: Tanpri sonje tout trètman yo bay yo ka afekte avantaj alavni pitit ou a ap resevwa anba asirans prive, pwogram asirans sante, ak Medicaid. *Tanpri sonje: Si trètman pitit ou a bezwen swen ki depase senpleman plonbij, tankou kouwòn asye inoksidab, pilpotomi oswa ekstraksyon, Y AP bezwen pou ou bay plis konsantman. Si pitit ou a bezwen trètman andeyò sa School Smiles kapab bay, y ap ba ou yon referans.
	Mwen konprann yo pral bay yon kopi sou Avi Konfidansyalite Lwa sou Transparans ak Responsablite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act, HIPAA) School Smiles nan randevou pitit mwen an epi mwen ka jwenn yon kopi tou nan https://schoolsmiles.com/schools/forms/ .
	Lè mwen siyen pi ba a, Mwen dakò pou fè netwayaj dantè woutin ak tout trètman dantè ki nesèsè pandan yon ane lekòl epi mwen otorize pou voye fòm enskripsyon sa a pa mwayen faks, imèl, oswa lapòs bay School Smiles. ➡ Siyati Paran/Responsab Legal: _____ Dat: _____ Si pitit ou a bezwen trètman andeyò sa School Smiles kapab bay, y ap ba ou yon referans.